

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “*Ajén Atikan Karakter Dina Dongéng Di Tempat Wisata Ciwidéy Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di Smp (Tilikan Struktural)*” Aya sababaraha hal anu dipedar dina ieu panalungtikan, di antarana nya éta 1) déskripsi dongéng di Tempat Wisata Ciwidéy; 2) unsur struktural dina dongéng-dongéng di Tempat Wisata Ciwidéy; 3) analisis ajén atikan karakter anu nyampak dina dongéng; 4) ngararancang bahan pangajaran ku caramilih dongéng nu cocog pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran macadongéng di SMP. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analisis.

Dongéng anu ka kumpul di Tempat Wisata Ciwidéy aya sapuluh dongéng nyaéta 1) Sasakala Ciwidéy; 2) Sasakala Situ Paténggang; 3) Dongéng Kawah Rengganis; 4) Dongéng Kawah Putih; 5) Sasakala Pasir Kemir; 6) Sasakala Lebak Muncang; 7) Sasakala kampung Kadu Agung; 8) Sasakala Legok Kolé; 9) Sasakala Pasir Curug Citampur; 10) Dongéng Si Layung jeung Aul nu ngajaga Situ Paténggang.

Tina hasil analisis, kapaluruh sacara gurat badag jenis dongéng kabagi jadi opat nyaéta, 1) téma anu nyaritakeun dongéng sasakala nu aya di Kacamatan Sadananya, 2) téma anu patalina jeung kahirupan manusa biasa di hiji pakampungan, 3) téma anu nyaritakeun kajadian anu patalina jeung mahluk goib, sarta 4) téma anu patalina jeung kajadian sajarah

Tabél 5. 1 Papasingan Dongéng

No.	Judul Dongéng	Papasingan Dongéng			
		Mite	Sasakala	Farabél	Fabel
1	“Sasakala Ciwidéy”		√		
2	“Sasakala Situ Paténggang”		√		
3	“Dongéng Kawah Rengganis”	√			
4	“Dongéng Kawah Putih”	√			
5	“Sasakala Pasir Kemir”		√		

6	“Sasakala Lebak Muncang”		√		
7	“Sasakala kampung Kadu Agung”		√		
8	“Sasakala Legok Kolé”		√	√	
9	“Sasakala Pasir Curug Citambur”		√		
10	“Dongéng Si Layung jeung Aul nu ngajaga Situ Patenggang”	√			

Unsur struktural nu aya dina dongéng-dongéng di Tempat Wisata Ciwidéy sacara gurat badag nurutkeun Koswara ngawengku téma, galur, latar, tokoh, jeung amanat. Lian ti éta dina ieu panalungtikan ngaguar ajén-ajén atikan karakter nu aya dina dongéng nu geus kakumpulkeun, anu satuluyna nyusun bahan pangajaran maca dongéng.

5.2 Implikasi

Ditilik tina hasil panalungtikan nu miboga tujuan pikeun maluruh struktur jeung ajén atikan karakter dina dongéng-dongéng di tempat wisata Ciwidéy, miboga implikasi kana widang paélman jeung atikan, hususna dina widang sastra jeung budaya. Lian ti éta dina dongéng-dongéng éta euyeub ku ajén atikan karakter, nu bisa di larapkeun dina pangajaran di SMP kelas VII, sarta bisa dijadikeun tarékah pikeun masarakat ngajaga katut ngamumulé budaya Sunda hususna dongéng.

5.3 Saran

Sawatara rékoméndasi nu ditujukeun utamana pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep tina panalungtikan ieu bisa dijadikeun sumber atawa bisa pikeun pangdeudeul kana panalungtikan anu baris dilaksanakeun. Pikeun guru, dipiharep ieu dongéng nu luyu bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di SMP. Pikeun masarakat ogé bisa nambahan élmu pangaweruh dina widang sastra hususna dongéng.